



# EMPOWER



## President's Message

### A New Dawn of Leadership and Empowerment

Dear Esteemed Members, Partners, and Friends of the Ayiti Community Trust,

I greet you with a heart full of hope and enthusiasm as we step into the fresh canvas of a new year. This is a time of renewed energy and aspirations and marks a significant transition for our beloved organization. It is an honor and a privilege to address you as we usher in an era of new leadership within our ranks and embrace our theme for the year: **Self-Sufficiency**.

Our journey thus far has been one of collective effort, resilience, and unwavering commitment to the betterment of our communities. As we turn this new page, I am thrilled to introduce the dynamic and visionary leaders joining our board and organization. Their diverse expertise, coupled with a shared passion for our mission, promises to guide the Ayiti Community Trust towards new heights of achievement and impact.

**Self-sufficiency is more than a theme; it is the bedrock upon which we will build our initiatives this year. It speaks to the strength and capability of each individual and our community.** Our programs will empower every community member to harness their potential, be the architects of their destiny, and contribute to a sustainable future for all. This is a clarion call for us to weave self-reliance into the fabric of our daily endeavors.

I invite each one of you to join hands with our new leaders in this transformative journey. Let us be the bearers of innovation, the champions of self-sufficiency, and the custodians of our prosperous future. Together, we shall lay the foundations for a year filled with remarkable achievements and milestones that will echo through the annals of our history.

We will delve into new programs to provide immediate support and equip our community with the tools and knowledge necessary for long-term self-reliance. From educational workshops to entrepreneurial programs, every step we take is a stride toward autonomy and resilience.

**The path to self-sufficiency is a collaborative one.** We value the insights and contributions of each member of our community. Your voice is essential in shaping the direction and success of our endeavors. As we embrace these new changes, I encourage you to actively participate, provide feedback, and share your innovative ideas.

As we stand on the threshold of this exciting new chapter, let us also take a moment to express our deepest gratitude to the outgoing members of our board. Their dedication and leadership have been instrumental in bringing us to this point of growth and opportunity.

We will forge ahead in unity and with a shared vision, confident that our combined efforts will yield a thriving and self-sufficient community. I am eager to embark on this journey with you and look forward to the boundless possibilities that await us.

**Here's to a transformative year ahead!**

**Guerda Nicolas, PhD**  
**President, Ayiti Community Trust**

## On Jounen Tounè Fèk Leve pou Zafè Lidèchip ak Fason pou Gouvènèn

Chè Manm, Patnè ak Zanmi Ayiti Community Trust,

Mwen salye ou ak yon kè chaje ak lespwa ak chalè nan kòmansman ane tout nèf sa a. Mwa Janvye, se yon moman pou renouvle fòs ak aspirasyon, epi li make yon tranzisyon enpòtan andedan òganizasyon sa a nou renmen anpil la.

Se yon onè ak yon privilèj pou mwen pran lapawòl pou akeyi nou nan yon epòk k ap kòmanse ak yon nouvo lidèship nan mitan nou pou akeyi nan mitan nou nouvo lidè an menm tan ak nouvo tèm nou chwazi pou ane sa a: Bay Tèt nou Tout sa Nou Bezwen.

Sekonsa, jiskounye a vwayaj nou an fèt gras ak efò kolektif, detèminasyon ak yon angajman solid pou amelyore lavi nan kominote nou yo. Pandan n ap vire nouvo paj sa a mwen kontan prezante nou nouvo lidè ki vin kore nou yo. Yo dinamik epi chaje ak visyon epi yo vini pote fòs yo pou òganizasyon an vin pi solid. Yo chaje ak anpil espètiz epi pasyone menmjan avèk nou nan misyon nou an, yo pwomèt pou mennen Ayiti Community Trust piwo toujou nan tout sa li ap reyalize ansanm ak enpak mouvman sa ap genyen.

Otosifizans plis pase yon pawòl, se yon baz solid ki pou kore tout inisyativ nou pran pou ane saa. Sa vledi, fòs ansanm ak kapasite chak moun geyen epi kominote a tou. Pwogram nou yo pral pèmèt ranfòse chak manm kominote a pou yo jwenn fòs ak kapasite pou yo tounen achitèk pwòp destine yo konsa, yo ap kap kontribye ansanm pou amelyore avni tout popilasyon an. Sa se yon rèl pou nou klewonnen chak jou pandan nou ap kontinye fè efò pou amelyore lavi nou.

Mwen envite nouchak pou akonpaye nouvo dirijan nou yo nan bèl travay pou chanjman sa a. Annou tounen sila ki pote inovasyon yo, sila ki se chanpyon nan otosifizans epi kise asirans yon avni miyò pou nou tout. Ansanm nou pral poze baz pou yon ane chaje ak anpil bèl reyalizasyon epitou poze fondasyon pou make yon nouvo jalon nan istwa nou an.

Nou pral gade nan nouvo pwogram pou bay sipò imedyà ak ekipe kominote nou an ak zouti epi konesans ki necesè pou otonomi alontèm.

Soti nan atelye edikasyon pou pwogram antreprenè, chak etap nou pran se yon pa nan direksyon otonomi ak detèminasyon.

Chemen nou anvizaje pou otosifizans nou an se nan kolabore ansanm sèlman n ap rive fèl. Nou bay chak lide ak tout kontribisyon manm kominote nou an anpil valè. Se vwa pa wou ki esansyèl pou byen dirije epi reyisi nan tout efò n ap reyalize. Pandan n ap travay pou reyalize tout chanjman sila yo, mwen ankouraje wou patisipe ak tout kouraj ou pou pote fidbak, epi pataje lide tou nèf ou yo avèk nou.

Pandan n ap louvri nouvo chapit enteresan sa a, annou pwofite pran yon ti moman pou ekspri rekonesans nou bay tout manm nan konsey la ki gen manda yo bout jounen jodi a. Nou di yo mèsi pou devouman yo ak lidèchip yo ki te enpòtan anpil pou pèmèt nou rive kote nou ye jodi ya gras ak kwasans ak opòtinite nou jwenn. N ap avanse ansanm nan linyon epi avèk yon sèl epi menm vizyon, pandan nou gen konfyans efò nou yo marye ansanm pral fè nou vini yon kominote pwospè epi ki responsab tèt li (otosifizan). Mwen swaf kòmanse vwayaj sa a avèk nou epi mwen prese pou dekouvri posiblite san limit ki ap tann nou.

Nou swete Ane sa kap vini la a se yon ane Transfòmasyon!

Guerda Nicolas, PhD  
Prezidan, Ayiti Community Trust